

Hak apa wae sing kudu dimangerteni sampeyan sakdurunge panitipriksa diwiwiti?

1. Hak kanggo konsultasi sidhem karo pengacara, lan kanggo entuk bantuan sakjrone panitipriksa

A. Pengacara

- Sampeyan entuk nyuwun supaya pengacara pilihane dhewe dihubungi.
- Yen sampeyan ora duwe pengacara, utawa pengacara kasebut ora bisa teka, sampeyan bisa nyuwun supaya pengacara sing lagi tugas dihubungi.
- Yen sampeyan kalebu ing syarat ukum tartamtu, bantuan ukum iki gratis utawa mbayar sebagean. Sampeyan entuk nyuwun formulir sing isine ringkesan syarat bantuan ukum kasebut.

B. Konsultasi sidhem sakdurunge

- Sampeyan duwe hak kanggo konsultasi sidhem karo pengacara maksimum 30 menit suwene, sing bisa didawakake kanthi istimewa adhedhasar dening kaputusan saka panitipriksa ing sakdurunge panitipriksa sakbanjure lan sakjrone 2 jam sakwise sesambungan karo pengacara sampeyan utawa pengacara sing lagi tugas.
- Konsultasi iki bisa uga liwat telepon utawa mapan ing lokasi panitipriksa.
- Yen konsultasi sing dijadwalake karo pengacara sampeyan durung kaleksanan sakjrone 2 jam, konsultasi sidhem bisa ditindakake karo pengacara sing lagi tugas liwat telepon. Sakbanjure, panitipriksa bisa diwiwiti.
- Yen pengacara teka nalika panitipriksa lagi ditindakake, pengacara bisa hadir ing sisane wektu panitipriksa.

C. Bantuan ukum sakjrone panitipriksa

- Sampeyan entuk hak nampa bantuan saka pengacara sakjrone samubarang panitipriksa.
- Pengacara bakal mesthekake:
 - yen hak kanggo ora mangsuli lan hak kanggo ngenthengake awake dhewe kinurmatan;
 - yen sampeyan nampa patrap sing becik nalika panitipriksa, lan ora ana winatesan utawa tekanan sing ora sakmesthine;
 - yen sampeyan wis diterangake babagan hak-hak sampeyan lan panitipriksa ditindakake miturut aturan.

Yen pengacara sampeyan menahi komentar babagan iki, pengacara kudu gage mesthekake komentar mau dicathet ing notulen.

Pengacara sampeyan diidini klarifikasi babagan pitakonan sing ditakokkake. Dheweke ora diidini njawab ngganteni sampeyan utawa ngalangi panitipriksa.

- Sampeyan utawa pengacara sampeyan duwe hak kanggo nyela sakjrone panitipriksa, nanging mung sepisan, supaya diadani konsultasi sidhem tambahan. Mengkono uga, yen ana fakta anyar mencungul sakjrone panitipriksa, sampeyan entuk nyuwun konsultasi sidhem tambahan karo pengacara sampeyan. Konsultasi iki ora kena luwih saka 15 menit.

D. Apa aku entuk ora nggunakake hak iki?

Sampeyan ora wajib nyuwun konsultasi utawa bantuan saka pengacara.

Sampeyan entuk ora nggunakake hak iki kanthi pilihan dhewe lan sakwise dipikir kanthi temenan:

- yen sampeyan wis dewasa;
- yen sampeyan wis napak asma lan nanggali dokumen kanggo nyetujoni akibate.
- yen bisa, panitipriksa direkam. Sampeyan bisa ngrebug bab iki karo pengacara sampeyan (deleng uga poin 7).

Ing bab kasebut, sampeyan bisa nyuwun supaya dihubungake karo pengacara sing lagi tugas liwat telepon.

E. Cathetan

Ing babagan kahanan sing ora lumrah utawa kanggo alesan sing dianggep perlu, Direktur Persidangan Masyarakat utawa hakim sing nitipriksa bisa uga mutusake ora menahi sampeyan hak kanggo konsultasi sidhem ing ngarep utawa hak nampa bantuan saka pengacara sakjrone panitipriksa. Dheweke kudu njelasake putusan iki.

F. Hak nggunakake pengacara ing negara sing ngetokake surat penahanan Eropah

Sampeyan duwe hak milih pengacara ing negara sing ngetokake surat penahanan Eropah. Pengacara iki uga menehake informasi lan saran babagan prosedur ekstradisi menyang pengacara sampeyan ing Belgia

2. Informasi gegayutan surat penahanan Eropah utawa APB

- Sampeyan duwe hak ngerteni inti surat penahanan Eropah utawa APB.
- Yen ekstradisi wis dilakoni kanthi tampilan menyang pelaksanaane paukuman lan sampeyan ora ngerteni bebendhu utawa proses pidana sing nunggu, sampeyan bisa njaluk supaya diwenehi salinan bebendhu manca, kanggo informasi lan panyedhiyening bab iki bisa diupayakake ing wektu sing pas.

3. Hak kanggo ora mangsuli

- Sampeyan wajib tumindak sing bakal ngenthengake sampeyan.
- Sakwise nerangake identitas, sampeyan entuk milih arep gawe pranyatan, njawab pitakonan, utawa ora mangsuli pitakonan.

4. Hak kanggo ngandhani wong yen sampeyan ditahan.

Sampeyan duwe hak kanggo ngandhani pihak katelu babagan penahanan sampeyan.

Nanging, Direktur Persidangan Masyarakat utawa hakim sing mriksa bisa nundha kapan tahap iki ditindakake, kanthi alesan sing milutake, saksuwene wektu sing dianggep perlu kanggo njaga integritas investigasi.

5. Bantuan pengobatan

- Sampeyan duwe hak kanggo nampa bantuan pengobatan gratis yen dibutuhake.
- Sampeyan uga bisa nyuwun dokter sing dipilih dhewe kanggo mriksa sampeyan. Pamriksan sing ditindakake iki sampeyan sing mbayar.

Apa hak liyane sakjrone panitipriksa?

6. Ing wiwitane panitipriksa

Sakdurunge panitipriksa diwiwiti, sampeyan kudu diwenehi pirang-pirang katrangan. Sakliyane katrangan singkat babagan fakta lan hak kanggo ora mangsuli, sampeyan bakal dikandhani yen:

- Sampeyan entuk nyuwun supaya kabeh pitakonan sing ditakokake lan wangsulan sing diwenehake digawekake notulen kaya sing sakmesthine;
- Sampeyan entuk nyuwun supaya pitakonan tartamtu utawa pamriksan wong tartamtu ditindakake;
- Pranyatan sampeyan bakal digunakake minangka bukti ukum.
- Sakjrone panitipriksa, sampeyan entuk nggunakake samubarang dokumen sing diduweni, anggere ora ndadekake panitipriksa katundha amarga saka iki. Sampeyan entuk nyuwun, sakjrone utawa sakwise panitipriksa, supaya dokumen-dokumen kasebut dilampirake menyang notulen utawa diserahkan bareng karo pendaftaran.

7. Ngrekam Panitipriksa

- Yen mungkin, panitipriksa bisa direkam kanggo ngawasi proses panitipriksa.
- Iki diputusake dening panitipriksa, Jaksa Umum utawa Hakim sing mriksa.

8. Ing pungkasane panitipriksa

Ing pungkasane panitipriksa, sampeyan bakal diwenehi teks kasile panitipriksa supaya diwaca. Sampeyan uga entuk nyuwun teks kasebut diwacakake.

Sampeyan bakal ditakoni apa kepengin ngowahi utawa menahi klarifikasi marang pranyatan kuwi.

9. Bantuan juru basa

- Yen sampeyan ora ngerti utawa nggunakake basa ing panitipriksa, utawa yen sampeyan duwe ngalami alangan pangrungu utawa pangandikan lan yen pengacara ora ngerti utawa nggunakake basa sampeyan, sampeyan duwe hak nggunakake interpreter bersumpah nalika rembugan sidhem karo pengacara. Bantuan iki gratis.
- Yen perlu ngendikan nganggo sakliyane basa sing digunakake ing pamriksan, pulisi bisa ngundang juru basa bersumpah kanggo nulungi sampeyan sakjrone panitipriksa. Bantuan iki gratis.
- Sampeyan bisa uga diaturi nyathet dhewe pranyatan nganggo basa sampeyan.

10. Nyetujoni ekstradisi

Sampeyan bisa uga nyetujoni ekstradisi kanggo negara sing nggoleki sampeyan. Sampeyan bisa uga ngurungi pasetujon menyang pelanggaran sing kasebut ing surat penahanan Eropah. Sampeyan uga bisa ngeculake aturan khusus iki, sing ateges, sawise sampeyan diekstradisi, sampeyan bakal didakwa utawa dikunjara minangka bagean saka pelaksanaane putusan dileksanakake kanggo pelanggaran dudu sing ditrapake ing ekstradisi iki.

Yen sampeyan arep nyetujoni ekstradisi, sawise panitipriksa dening Hakim sing mriksa, sampeyan bakal dirungokake dening Jaksa Umum. Jaksa Umum bakal nerangake dampake. Sampeyan bisa uga dibantu dening pengacara. Sampeyan bisa uga nyetujoni ekstradisi mung ing ngarepe Jaksa Umum.

Sawise sampeyan wis sakcara ukum nyetujoni bakal diekstradisi, sampeyan wis ora bisa mbalik maneh ing ekstradisi sampeyan

Sepira suwene sampeyan bakal ditahan?

1. 48 jam sing pokok

Sampeyan bisa ditahan maksimum 48 jam suwene.

2. Hakim sing meriksa

- Saksuwene 48 jam (bisa uga ditambahi 24 jam maneh), sampeyan bisa dibebasake utawa dikirim menyang tahanan dening Hakim sing mriksa. Hakim sing mriksa bakal mutusi apa sampeyan bakal ditahan adhedhasar surat penahanan Eropah.
- Hakim sing mriksa wajib nitipriksa sampeyan dhisik ing babagan iki. Sakjrone pamriksan, sampeyan uga duwe hak kanggo nampa bantuan saka pengacara. Hakim sing mriksa kudu mirengake panjelasan sampeyan, utawa panjelasan pengacara, sing gegayutan karo kemungkinan dikunjara.

Sampeyan ora entuk ora nggunakake hak iki kajaba sampeyan wis dewasa.

- Yen hakim sing mriksa nerbitake surat penahanan, sampeyan duwe hak sing kasebut ing ngisor iki:
 - Sampeyan bisa sesambungan kanthi bebas karo pengacara.
 - Ing limalasa dina sawise sampeyan dikunjara sampeyan bakal diundang ing ngarep Ruang Sidang, ing endi sampeyan bisa nantang pakunjaran lan ekstradisi adhedhasar surat penahanan Eropah. Sampeyan bisa ngejokake kaputusan iki ing ngarep Ruang Dakwaan, sing bakal ditetepake dhewe ing limalasa dina. Bab iki kudu dijokake ing patlikur jam sawise kaputusan saka Ruang Sidang diwenehake sampeyan.

- Sampeyan entuk nyinaoni berkas kasus ing Ruang Sidang utawa Ruang Dakwaan sedina sakdurunge sidang ketutup ditindakake.
- Pengacara bisa uga menehi katrangan tambahan marang sampeyan babagan tahap sakbanjure ing persidangan iki.
- Yen sampeyan dudu warga negara Belgia, sampeyan duwe hak kanggo lapur menyang pejabat konsuler babagan penahanan sampeyan.
- Yen sampeyan ora mangerti basa surat penahanan Eropah, utawa basa sing wis dijarwakake, sampeyan bakal disedhiyani panjarwan katulis saka surat penahanan Eropah kanthi basa sing sampeyan ngertini, utawa panjarwan surat penahanan Eropah kanthi omongan, utawa panjarwan cathetan prosedural penting kanthi omongan, sadurunge sampeyan diundang ing ngarep Ruang Sidang lan, sing keridhewe, sadurunge aturan sing keridhewe dibalekake kanthi nggatekake paleksanane.

Sampeyan bisa ngugemi andharan babagan hak iki.